Wilyam Shekspirdiń "Gamlet" pyesası haqqında da 11-klass oqıwshıları jeterli maǵlıwmatlarǵa iye. Eger qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵında Wilyam Shekspir úyreniliw shárt bolsa, bul ullı jazıwshınıń I.Yusupov tárepinen awdarmalanǵan "Sonet"lerinen úzindiler berilse, oqıwshı bir tárepten Shekspirdiń dúnyaǵa belgili sonetlerin qaraqalpaq tilinde oqıydı, sonday-aq I.Yusupovtıń awdarmashılıq sheberliginiń de guwası bolar edi.

2. Qaraqalpaq tili (Mámleketlik til) sabaqlıqlarında shayır jazıwshılardıń ómirbayanı basınan aqırına shekem jılları, islegen jumıs orınları, barlıq shıǵarmaları, toplamları ilimiy túrde dizip berile beriwi shárt emes, onıń ornına eń jaqsı shıǵarmalarınan úzindiler, shayır-jazıwshı haqqında zamanlasları tárepinen qaldırılǵan pikirler keltirilse oqıwshıda qızıǵıwshılıq oyatadı, sonday-aq bilimlendiriw sistemasında ásirese oqıwshılardıń ana tilinen tısqarı ekinshi til oqıtılıwında ilimiy bilimlerdi oqıwshı miyine quyıp qoyıwdan góre, onı erkin pikirlep, oy júrgizip, miynet qılıp ózlestiriwge baǵdarlaw maqsetke muwapıq, sebebi biz tálim basqa tilde alıp barılatuǵın klasslarda filolog qánigeler emes, en dáslep tárbiyalı, qálbi mehir-muxabbatqa tolı, shıǵarmalardı úyreniw arqalı óz ómirinde, kúndelikli turmısında hár qanday jaǵdaydan jaqsı jol menen shıǵıp kete alatuǵın ruwxıy salamat insanlardı tárbiyalawımız kerek.

3. Roman yaki povestten úzindilerdi tańlap alıwda sabaqlıq dúziwshiler, metodistler hám mektep oqıtıwshıları birgelikte jumıs alıp barıwı maqsetke muwapıq. Sebebi, roman yaki povestten alınǵan úzindiler shıǵarmanıń tolıq mazmunın ashıp bere almaǵanı menen, oqıwshıda shıǵarma haqqındaǵı dáslepki pikirlerdiń payda bolıwın, oqıwshınıń jasına say, sonday-aq tárbiyalıq xarakterge iye bola alatuǵın, hám eń tiykarǵısı úzindini oqıǵan oqıwshıda shıǵarmanı tolıq oqıp shıǵıwǵa degen umtılıstı payda ete alıwı kerek. Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda qaraqalpaq romanlarınan úzindiler tańlawda, qaraqalpaq xalqınıń milliyligine, úrp-ádeti, salt-dástúrleri hám tariyxına baylanıslı saxnalardı alıp sabaqlıqqa kirgiziw júdá orınlı boladı.

4. Sózliklerdi beriwde bul klasslardıń 2-klasstan baslap qarqalpaq tilin úyrenip kiyatırǵanlıǵın esapqa alǵan halda, kúndelikli paydalanıp júrgen (toǵay, báhár, jaz, ádebiyat h.t.b) sıyaqlı sózlerdi emes, shıǵarma ishindegi túsiniwge qıyın bolǵan sózlerdiń kópshiliginiń awdarma hám túsindirme variantların berip ótiw kerek.

5. Qaraqalpaq tili (Mámleketlik til) sabaqlıǵında berilgen teoriyalıq maǵlıwmatlar, shınıǵıwlar, shayır-jazıwshılardıń ómiri baylanıslı maǵlıwmatlar, sonday-aq sóylew kónlikpelerin rawajlandırıw ushın berilgen materiallar bir-biri menen aralasıp ketken, sabaqlıqtan paydalanıw oqıwshıǵa qıyınshılıqlar tuwdıradı. Sonlıqtan, biziń pikirimizshe, tilge baylanıslı materiallardı óz aldına ajıratıp, ádebiyatqa baylanıslı materiallardı kitaptın izine óz aldına, hár bir shayırdı taza betten baslap, súwreti menen beriw, ómirbayanın jıllar menen dizip taslamay, basqa xalıqlardıń shayırlarınıń, zamanlaslarınıń olar haqqında bildirgen pikirlerin kirgizgen maqul. Jáhán ádebiyatı úlgilerin mámleketlik til sabaǵında oqıtıw shárt emes, klasstan tıs oqıw ushın materiallar beriliwi, usı materiallardıń ishine jáhán ádebiyatı dúrdana shıǵarmaların kirgizip ketiw orınlı boladı.

Juwmaqlap aytqanda, tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klasslardıń tematikalıq reje hám sabaqlıqlarınıń qayta kórip shıǵılıwı maqsetke muwapıq boladı.

**Adabiyotlar**


1. Турсунов Қ., Нормаматова Н. Дарслик тузилишига қўйиладиган замонавий методик талаблар. // «Халқ таълими», 2015, № 2. 83-б.
2. Abdinazimov Sh., Abdiev A., Táńirbergenov J. Qaraqalpaq tili. 10-klass. (Oqıw basqa tillerde alıp barılatuǵın klaslar ushın sabaqlıq). -N.: «Qaraqalpaqstan», 2019, 112-b.
3. Мамбетов К. Посқан ел. –Н.: «Қарақалпақстан». 1988, 34-35-б.



**REZYUME.** Maqolada ta'lim davlat tilidan boshqa tillarda olib boriladigan sinflarda qoraqalpoq tili tarkibida o'qitiladigan adabiy materiallar, mavzular kalendar tematik reja, darsliklar bilan solishtirilib tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются литературные материалы, преподаваемые на каракалпакском языке в классах, где обучение ведётся не на государственном языке.

**SUMMARY.** The article analyzes the literary materials taught in the Karakalpak language in classes where teaching is not in the state language.


## BASLAWÍSH KLASSLARDA MATEMATIKA PÁNINEN KLASSTAN TÍS JUMÍSLARDÍ SHÓLKEMLESTIRIW METODIKASÍ


**N.M.Nagmetova** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** sinfdan tashqarı ishlar, to'garak ishlari, TRIZ texnologiyasi.
**Ключевые слова:** внеклассная работа, кружковая работа, технология ТРИЗ.
**Key words:** extracurricular activities, circle activities, TRIZ technology.


Elimizde matematika tarawın rawajlandırıw boyınsha keń qamrawlı jumıslar ámelge asırılmaqta. Atap aytqanda, 2020-jıl 7-maydaǵı "Matematika tarawındaǵı tálim sapasın asırıw hám ilimiy-izertlewlerdi rawajlandırıw is-ilájları haqqında"ǵı PQ-4708-sanlı Prezident qararı tastıyıqlandı. Qarar boyınsha, ótken dáwir ishinde matematika ilim-páni hám tálimin jańa basqıshqa alıp shıǵıwǵa qaratılǵan úzliksiz wazıypalar belgilep berildi [1].

Matematika páni oqıwshılardan logikalıq oylawdı, abstrakt pikirlewdi talap etetuǵın quramalı pán bolıp esaplanadı, sonlıqtan, biz bul jaǵdayda matematika sabaqlarında zamanagóy innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw arqalı baslawısh klass oqıwshılarınıń matematika pánin ańsat túsiniwine, matematika sabaǵın jaqsı kóriwine erisemiz.

Sonday-aq, baslawısh klass oqıwshılarınıń matematikalıq bilimlerin tereńlestiriwde, dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwda hám joqarı nátiyjelerge erisiwde klastan tıs jumıslardıń ornı erekshe. Klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriwde oqıtıwshı oqıwshılardıń individual hám jas ózgesheliklerin, olardıń qızıǵıwshılıqların esapqa alıwı maqsetke muwapıq boladı.

Klastan tıs jumıslar tálim procesindegi tárbiyalıq jumıslardıń ajıralmas bólegi bolıp, oqıwshılardıń bos waqtın shólkemlestiriw formalarınıń biri sıpatında belgilenedi. Klastan tıs jumıslar hár túrli formada shólkemlestiriliwi múmkin.

Klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriw hám ótkeriw metodikası haqqında professor M.Jumaev tómendegilerge tiykarlanıw kerek ekenligin kórsetip ótedi:

1. Sabaqta oqıwshılar alǵan bilim, uqıplılıq hám kónlikpelerdi esapqa alǵan halda ótkeriledi.
2. Klastan tıs jumıslar oqıwshılardıń qálewi, háweskerligi, dóretiwshiligi principlerine tıykarlanıwı hám olardıń individual pikirlerin qanaatlandırıw maqsetinde shólkemlestiriledi.
3. Klastan tıs jumıslardı ótkeriw formaları sabaqlardan ózgesheligi, qızıqlı tárepi kúshli boladı. Onıń ushın zárúrli

shárt, yaǵnıy, ótkeriletuǵın jumıstıń rejelestiriliwi hám sistemalılıǵınıń quramalılıǵında bolıp tabıladı [2].

Sonday-aq, ilimpaz óz miynetlerinde matematika páninen klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriw haqqında tómendegi pikirlerdi keltirip ótken: oqıtıw forması – bul oqıwshılardıń oqıw iskerligin oqıtıwshı tárepinen tárbiyalıq oqıtıw procesiniń túrli shárayatlarında (klasta, klastan tıs) shólkemlestiriwi.

Baslawısh klasta matematikanı oqıtıwdıń shólkemlestiriwshi formaları sabaq, úyge tapsırmanı óz betinshe orınlaw, oqıwshılardıń jeke tártipte, toparda hám jámáát bolıp islewi, sayaxatlar, klastan tıs jumıslardan ibarat.

Biziń pikirimizshe, matematika páninen klastan tıs jumıslar baslawısh klass oqıwshıları menen rejelestirilgen tálim nátiyjelerine erisiw ushın "ıntalı" hám "tómen ózlestiriwshi" oqıwshılardı eki toparǵa ajıratıp, bilim beriw jaqsı nátiyje beredi, bilim hám kónlikpelerin bekkemlewge járdem beredi.

Klastan tıs jumıslar sabaqlarǵa salıstırǵanda imkani barınsha barlıq oqıwshılardı birlestiriwi yamasa qızıqtırıwı; tómen ózlestiriwshi oqıwshılardı qızıqtırıw járdeminde aktiv oqıwshılarǵa aylandırıwı; óz qálewleri principine tiykarlanıp qurıladı, biraq qızıǵıwdı támiyinlew kerek; shınıǵıwlarǵa baha qoyılmaydı, biraq aktiv qatnasqan oqıwshılar xoshametlenedi; shınıǵıw mazmunı hám formalarına qarap, 10-12 minuttan 1 saatqa shekem mólsherlengen ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı.

Matematika páninen klastan tıs jumıslardı shólkemlestiriwde TRIZ texnologiyalarınan paydalanıwǵa boladı.

Baslawısh klass matematika sabaqlarında oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin, intellektual hám dóretiwshilik qábiletlerin esapqa alıw júdá áhmiyetli. Olardıń baqlaw, salıstırıw, juwmaq shıǵarıw, pikirlew, izertlew, fantaziyaların rawajlandırıwda tálim procesinde jańa innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw maqsetke muwapıq. Oqıwshılardıń bunday iskerligin ámelge asırıwda biz, matematika sabaqlarınan klastan tıs jumıslarda yaǵnıy, dógerek sabaqlarında TRIZ texnologiyasınan paydalanıw boyınsha usınıslardıǵa toqtalıp ótsek.

TRIZ texnologiyası oqıwshılarda jańa ideyalardı oylap tabıw qábiletin rawajlandırıw maqsetinde qollanıladı.

3-klass matematika páninen dógerek sabaǵınan TRIZ texnologiyasın paydalanǵan halda "Uzınlıq hám maydan ólshem birlikleri" temasındaǵı bir saatlıq sabaq islenbe úlgisin kórip shıǵamız.

**Pán:** Matematika

**Klass:** 3-klass

**Tema:** Uzınlıq hám maydan ólshem birlikleri

**Maqseti:** oqıwshılardıń uzınlıq hám maydan ólshem birlikleri boyınsha alǵan bilimlerin bekkemlew, tereńlestiriw hám ámeliy qollanıwǵa úyrertiw.

**bilim beriwshi:** uzınlıq ólshem birlikleri mm, dm, sm, m, km hám maydan ólshem birlikleri mm.kv., dm.kv., sm.kv., m.kv., km.kv. menen máseleler sheshiwdi úyretiw, esaplaw kónlikpelerin asırıw;

**tárbiyalıq:** juplıqta hám toparda islewge, bir-birin húrmet etiwge tárbiyalaw;

**rawajlandırıwshı:** awızeki sóylewdi, erkin hám kreativ pikirlewdi rawajlandırıw, iskerlikti joybarlaw hám nátiyjelerdi bahalawǵa úyretiw.

**Barısı:**

I. **Shólkemlestiriw:** Sálemlesiw, sabaqtı shólkemlestiriw. Oqıwshılarǵa bilim alıwǵa motivaciya beriw.

**1. "Jaqsı – jaman" oyını (TRIZ texnologiyası)**

- Matematika sabaǵı jaqsı, sebebi...
- Matematika sabaǵı jaman, sebebi...
- Eger biz birgelikte jumıs islesek, qıyınshılıqlardı jeńip, tabısqa erisemiz!

**2. "Qátelerdi tap" (TRIZ texnologiyası)**

3+3+3=11

15-6+100=900

110+3+5=15

Oqıwshılar qátelerdi tómendegishe tabadı:

- juwaptaǵı qáteni (anıq qáteler);
- arifmetikalıq ámeldi (qáwipli qáteler);
- jasırın qáteler.

**II. Tiykarǵı bólim (bilimlerdi jańalaw):**

**1. "Artıqsha san" oyını (TRIZ)**

- Hár bir qatardan artıqsha sanlardı tabıń hám tańlawıńızdı tiykarlań:

**1 qatar:** 15, 16, 44, 32, 20

**2 qatar:** 25, 28. 16, 26, 24

**3-qatar:** 66, 88, 77, 55, 13

- Birdey onlıq hám birlikke iye bolǵan sanlardı ósiw tártibinde jazıń.
- Bul qatarlarda qanday sanlar jetispey atır?

**2. "Rebustı tap" oyını**

- Qanday sóz payda boldı? (maydan)
-

M  dan

**"Uzınlıq hám maydan ólshem birlikleri"** teması boyınsha maǵlıwmatlar beriw. Alınǵan bilimlerdi eske túsiriw hám tereńlestiriw. Uzınlıq hám maydan ólshem birlikler kestesi tákirarlanadı hám oqıwshılarǵa sorawlar beriledi. Mısalı:

1) Uzınlıq degenimiz ne? Ol bizlerge ne ushın kerek?
2) Maydan degenimiz ne? Nelerdiń maydanı boladı?
3) Uzınlıq hám maydan sózlerin qaysı kásip iyeleri kóp qollanadı?
4) Uzınlıq ólshem birlikleri haqqında túsinigińizdi aytıp beriń. Uzınlıq ólshem birlikleri qanday boladı?

**III. Dem alıw minutı:**

Oqıwshılardı aktivlestiriw ushın kinesiologiya shınıǵıwları.

1. "Erinshek segizler" shınıǵıwı.

Ońqolıńızǵa qálem alıń hám qaǵazǵa 8 sanın jazıń (sheksizlik sızıǵı), endi shep qolıńız benen jazıń. Endi bir waqıttıń ózinde hám shep qolıńız benen, hám oń qolıńız benen 8 sanın jazıń. Hár bir qolıńız benen óz aldına náwbetpe-náwbet, keyin bir waqıttıń ózinde eki qolıńız benen de hawada 8 sanın jazıń.

2. "Qos sızıq" shınıǵıwı.

Hár bir qolıńızǵa qálem yamasa ruchka alıń. Eki qolıńızdı bir waqıttıń ózinde háreketlendirip, qaǵaz betine qandayda bir zattı túrli jónelislerde sızıń: bir-birine qarap; joqarıǵa hám tómenge, yaǵnıy shep qol menen joqarıǵa, oń qol menen tómenge hám kerisinshe [30].

**IV. Ámeliy jumıs:**

1. Oqıwshılar menen birgelikte partanıń, taxtanıń, klass bólmesiniń tárepleriniń uzınlıqları ólshew ásbapları járdeminde ólshenedi hám kestege jazıp barıladı. Sońólshengen buyımlardıń maydanları jazba esaplanadı.

2. Toparlarda islew. Hár bir toparǵa jazba esaplaw ushın mısallar beriledi. Mısalı: 7 km neshe m, dm, sm, mmge teń?

***Esletpe:*** 1 km = 1000 m

3. Ólshem birliklerine baylanıslı naqıl-maqallar yamasa jumbaqlar aytıw. Mısalı: 7 ólshep 1 kes.

**V. Refleksiya minutı.**

- Uzınlıq ólshem birlikleri bizge ne ushın kerek eken?
- Maydan ólshem birlikleri bizge ne ushın kerek eken?
- Maydandı esaplaw bizge ne ushın kerek?
- Zatlardıń, xanalardıń, atızlardıń maydanların esaplap úyrendik pe?

VI. **Juwmaqlaw:** sabaq dawamızda jaqsı qatnasqan oqıwshılar xoshametlenedi.

Demek, TRIZ texnologiyaların matematika sabaqlarında, matematikalıq dógereklerdiń qálegen basqıshında, klastan tıs jumıslarda qollanıw oqıwshılardıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye eken. Bul innovaciyalıq texnologiya járdeminde biz oqıwshılar menen doslıq múnásibetti ornatamız, olardı mashqalalı jaǵdaylarǵa standart emes sheshimler tabıwǵa, túrli dárejedegi quramalı intellektual mashqalalardı sheshiwge úyretemiz, dóretiwshi shaxstı qáliplestiriwge járdem beremiz.

Juwmaqlap aytqanda klastan tıs jumıslar óziniń hár túrliligi menen baslawısh klass oqıwshılarında hár túrli iskerlik túrlerine qızıǵıwshılıq oyatadı, keshelerde, sonday-aq, sociallıq tádbirlerde qatnasıwǵa baǵdarlaydı. Klastan tıs jumıslarda qatnasıp, baslawısh klass oqıwshıları ózleriniń dóretiwshilik qábiletlerin kórsete aladı, jámáátte bir-biri menen islesiwdi, mashqalalı jaǵdaylardı sheshiwdiń konstruktiv usılların tabıwdı úyrenedi.

**Ádebiyatlar**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 7-maydagi “Matematika sohasidagi ta’lim sifatini oshirish va ilmiy-tadqiqotlarni rivojlantirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PQ-4708-son Qarori.

2. Jumayev M. Matematika o‘qitish metodikasi: [Matn] / M.Jumayev. – Toshkent:. «Turon-Iqbol». 2016. 416-b.

3. Байрамукова П.У. Внеклассная работа как средство совершенствования математических знаний учащихся начальных классов общеобразовательной школы: Дис. ... канд. пед. наук: 13.00.02: -Махачкала: 2000. –С. 192.

**REZYUME.** Bu maqolada boshlang‘ich sinflarda matematika fanidan sinfdan tashqari ishlarni tashkil etish metodikasi haqida so‘z etiladi. Boshlang‘ich sinflarda matematika fanidan to‘garaklarda TRIZ texnologiyasidan foydalanish bo‘yicha dars ishlari ko‘rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье речь идёт о методике организации внеклассных работ по математике начальных классов. Приведены работы для уроков по использованию технологии ТРИЗ в математических кружках начальных классов.

**SUMMARY.** This article talks about the methodology of organizing extracurricular activities in mathematics in primary grades. Class works on the use of TRIZ technology are shown in mathematics circles in primary grades.

## BO‘LAJAK O‘QITUVCHILARNI RAQAMLASHTIRISH SHAROITLARIDA ELEKTRON TA’LIM RESURSLARINI YARATISHGA O‘QITISh METODIKASINI TAKOMILLASHTIRISH

**K.E.Nurmaxanov –** *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so‘zlar:** ta'limni raqamlashtirish, bo‘lajak pedagogning kasbiy tayyorgarligi, "raqamli" kompetentsiya, individuallik sohasi.

**Ключевые слова:** цифровизация образования, профессиональная подготовка будущего педагога, «цифровая» компетентность, сфера индивидуальности.

**Key words:** digitization of education, professional preparation of the future pedagogue, "digital" competence, sphere of individuality.

Jamiyat, ta’lim nazariyasi va amaliyoti rivojlanib borgani sari o‘qituvchiga qo‘yiladigan talablar soni ortib boradi. Taxminan yigirma yil avval o‘qituvchida ijodkorlik, innovatsiya, yangilik kabi fazilatlar qadrlanar ekan, kasbiy faoliyatning diagnostik funksiyasi, so‘ngra tadqiqot funksiyasi paydo bo‘lgan bo‘lsa, bugungi kunda zamonaviy o‘qituvchi raqamli savodxon, raqamli texnologiyalarni puxta egallagan bo‘lishi kutilmoqda. Bu ob'ektiv haqiqatdir!

Shuni ta’kidlash kerakki, ko‘plab mualliflar o‘qituvchining kompetentsiyalari doirasini kengaytirish va kelajak o‘qituvchisining kasbiy tayyorgarligidagi o‘zgarishlarni ko‘rib chiqadilar, aksariyat mualliflar asosiy kasbiy kompetensiyalar fonida o‘qituvchining xususiyatlarida kelajakdagi talablarga javob beradiganlar paydo bo‘ladi. Dyakova E.A. va Sechkareva G.G. (Armavir davlat pedagogika universiteti) o‘z maqolalarida raqamli kompetensiyalarning paydo bo‘lishini kelajak o‘qituvchisining o‘z bilimlaridan nafaqat o‘z-o‘zini o‘qitish, darslarga tayyorgarlik ko‘rish va ularni o‘tkazish uchun, balki foydalanish qobiliyati bilan bog‘laydilar. o‘quvchilarning o‘xshash faoliyati elementlarini tashkil qilish, ularda raqamli dunyoda hayot uchun zarur bo‘lgan ko‘nikmalarni rivojlantirish [4]. Ushbu maqola mualliflarining fikricha, ushbu kompetensiyalarni ta'minlash universitetlar uchun jiddiy muammo tug‘diradi. Aytishimiz mumkinki, ta'limni raqamlashtirish tufayli kelajak o‘qituvchisining kasbiy tayyorgarligini modernizatsiya qilish muammosini hal qilish uchun yondashuvlarni shakllantirish va ko‘rib chiqish tendentsiyasi mavjud.

Olimlarning fikricha, ta’limni raqamlashtirish islohoti ta’lim muassasalarini yuqori sifatli dasturiy ta’minot, masalan, ta’lim resurslaridan, zamonaviy ilmiy tadqiqot va ishlanmalar natijalaridan foydalanish imkonini beruvchi axborot tizimlari, turli tillardagi elektron ilmiy kutubxonalar bilan jihozlashdan iborat. dunyo [1:54]. Shu bilan birga, asosiy e’tibor buning uchun birinchi navbatda ta’lim muassasalarini zamonaviy texnologiyalar, ya’ni internet tarmog‘iga ulanish imkoniyatiga ega kompyuterlar bilan ta’minlash zarurligiga qaratiladi. O‘qituvchi qayerda? Ta’limni raqamlashtirishga alohida tayyorgarlik ko‘rish kerak emasmi? Keling, ushbu muammoni tushunishga harakat qilaylik (bu maqolaning maqsadi).

To‘g‘rirog‘i, ta’limni raqamlashtirishni tushunishlarini ta’minlash zarurati tufayli o‘qituvchilar malakasini oshirish tizimida misli ko‘rilmagan darajada faollik kuzatilganini ta’kidlash lozim. Biroq, universitet sharoitida bo‘lajak o‘qituvchilarni tayyorlash hali ham orqada qolmoqda, bu ularning kelgusidagi o‘qituvchilik faoliyatida raqamli texnologiyalarni malakali kasbiy tatbiq etishiga shubha uyg‘otadi. Bitiruvchilarning raqamli texnologiyalardan foydalangan holda o‘qitish usullari bo‘yicha yetarli malakaga ega bo‘lishini ta’minlash uchun o‘quv dasturlari hali qayta tuzilmagan. Bunday texnologiyalarni bilish va ularning o‘quv faoliyatida foydalanish kelajakdagi o‘qituvchilarga ulardan o‘z kasbiy faoliyatida muvaffaqiyatli foydalanishni kafolatlamaydi. Bunga qo‘shimcha qilish kerakki, kelajak o‘qituvchisi raqamli muhitga xos qobiliyat va ko‘nikmalarda an'anaviy o‘qituvchidan farq qilishi kerak. Biz bu farqlarni oydinlashtirishga individuallik tushunchasi (O.S.Grebenyuk) nuqtai nazaridan yondashdik, bunda individuallik shaxsning pedagogik xususiyati sifatida qaraladi, shu jumladan psixikaning yetti sohasi – intellektual, motivatsion, emotsional tavsifi. , irodaviy, subyekt-amaliy, ekzistensial va o‘z-o‘zini tartibga solish sohasi [6, 7]. Quyida 1-jadvalda raqamli ta'lim muhiti shartlariga xos bo‘lgan ushbu sohalarning tarkibiy qismlarini taqdim etamiz, ular bizning fikrimizcha, raqamli kompetensiyalar sifatida ishlaydi.

Taqdim etilgan psixologik xususiyatlar pedagogik tabiatning butun boyligini aks ettirmaydi, balki raqamli texnologiyalar va qurilmalarni joriy etishning obyektiv zarurati bilan belgilanadigan uning o‘ziga xos qismini aks ettiradi. Ko‘rib turganimizdek, raqamlashtirish oliy pedagogika maktablari oldiga uni amalga oshirish uchun zarur bo‘lgan qobiliyat va ko‘nikmalarni shakllantirish va rivojlantirish vazifasini qo‘yadi (shundan kelib chiqib, kasbiy kompetensiyalar ro‘yxati kengaymoqda). Asosan axborot-kommunikatsiya texnologiyalari va tegishli resurs-